


Angajman nou pou nou pran swen avèk respè chak fanm k ap akouche



- 1** Trete w ak diyite epi ak respè pandan w ap dòmi (entène) lopital la.
- 2** N ap prezante ou menm ak moun k ap sipòte w yo kiyès nou ye ak wòl nou nan ekip k ap baw swen an, lè nou antre nan sal la.
- 3** Aprann objektif ou gen pou akouchman ak apre akouchman: Kisa ki enpòtan pou ou pandan w gen tranche ak lè w ap akouche? Ki enkyetid ou genyen konsènan eksperyans akouchman w lan? Ki jan nou ka pi byen sipòte ou?
- 4** N ap travay pou nou konprann ou, fason ou abitye ye, lavi familyal ou, ak istwa sante ou pou nou ka asire ou resevwa swen ou bezwen pandan w ap akouche ak nan moman rekiperasyon ou.
- 5** Lè nou konnen eksperyans ki gen rapò ak swen sante ou fè deja yo, sa a ka afekte fason w santi w pandan akouchman an. N ap fè efò tout tan pou nou bay swen san danje, ekitab epi ak respè.
- 6** Kominike kòmsadwa atravè ekip swen sante w la pou asire yo pote pi bon kalite swen pou ou.
- 7** N ap kanpe bò kote w nan tout desizyon w ap pran yo pou w ka fè chwa k ap pi bon pou ou yo.
- 8** Pratike ekout aktif pou nou asire nou tande ou menm ak moun k ap sipòte w la.
- 9** Mete nou prè pou nou tande tout enkyetid ou gen oswa fason nou ka amelyore swen w.
- 10** Respekte limit pèsònèl yo epi respekte diyite w ak entimite w tout tan, tankou lè nou mande w pèmisyon anvan nou antre nan yon chanm oswa anvan nou manyen w.
- 11** Asire ou jwenn egzeyat apre akouchman an avèk konpreyansyon nou sou siy avètisman yo pou apre akouchman, kote pou w rele lè w gen enkyetid, epi lè w gen randevou swivi lopital apre akouchman ki pwograme.
- 12** N ap ba w egzeyat ak konpetans, sipò ak resous pou pran swen ou ak tibebe w la.
- 13** Pwoteje vi prive ou epi kenbe enfòmasyon medikal ou yo konfidansyèl.



Department
of Health

New York State

nyspQc

Perinatal Quality Collaborative

Sipòte swen n ap bay ak respè pou tout fanm k ap akouche yo

The New York State Perinatal Quality Collaborative (NYSPQC) (Kolaborasyon Kalite Perinatal Eta New York), yon inisyativ New York State Department of Health (Depatman Sante Eta New York) ap dirije, objektif li se bay pi bon kalite swen, ki pi an sekirite epi ki pi jis pou fanm an sant ak fanm ki fin akouche ak tibebe nan Eta New York. Objektif sa a reyalize nan kolaborasyon avèk lopital ak sant akouchman, pwofesyonèl swen perinatal, òganizasyon pwofesyonèl ak lòt entèvenan pou amelyore rezilta yo atravè aplikasyon direktiv ki baze sou prèv nan pratik klinik yo.